OUYÒK ENTÈDI DISKRIMINASYON
DI, ESPAS AKOMODASYON PIBLIK,
DIFE, AK ENSTITISYON AKADEMIK
SOU LAJ, KWAYANS, RAS, KOULÈ,
L, ORIJIN NASYONAL, ETA SIVIL,
ITÈ, DOSYE ARESTASYON, DOSYE
N FAMILIAL, AK PRE-DISPOZISYON

NEW YORK STATE
DIVISION OF
HUMAN
RIGHTS

WWW.DHR.NY.GOV

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

Diskriminasyon vrèman fè mal.

Si ou wè li oubyen yo fè ou li, rele nou.

Nou la.

NEW YORK STATE
DIVISION OF
HUMAN
RIGHTS

WWW.DHR.NY.GOV

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

Lwa Sou Dwa Moun ak Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk

An 1945, Paleman Eta Nouyòk te pase sa ki te premye lwa dwa sivil nan peyi a, epi souliye enpòtans li :

> Nan dokiman sa a, Paleman a twouve ak deklare Eta a genyen yon responsablite pou l aji pou l asire ke chak moun nan Eta a genyen menm opòtinite a pou jwi yon vi ki konplè ak pwodiktif epi si yo pa bay yo opòtinite egal sa a, kit sa akòz de diskriminasyon, prejidis, entolerans oubyen mank ledikasyon, fòmasyon, lojman oubyen swen sante, non sèlman sa menase dwa ak privilèj abitan yo, li menase enstitisyon yo ak fondasyon yon Eta demokratik, lib ansanm ak lapè, lòd, lasante, lasekirite ak byenèt jeneral Eta a ak abitan li yo.

Lwa sa a - ke yo rele Lwa sou Dwa Moun (« Lwa ») - entèdi yo fè diskriminasyon nan travay, lojman, kredi, espas akomodasyon piblik, volontè pou batay kont dife ak enstitisyon akademik ki san patipri, ki baze sou laj, kwayans, ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, preferans seksyèl, eta sivil, andikap, sitiyasyon militè, dosye arestasyon, dosye kondanasyon, pre-dispozisyon karakteristik jenetik ak sitiyasyon familyal (nan lojman sèlman).

Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk (« DHR » oswa « Divizyon ») mete lwa enpòtan sa a ann aplikasyon pou abitan Eta Nouyòk yo, san limitasyon a lis ki annapre a, nan ankèt, odyans ak rezolisyon plent moun pote kont prezime diskriminatè yo.

Ti liv sa a dekri pwosesis ki genyen lè yon moun pote oubyen vle pote plent devan Divizyon an pou zak prezime diskriminasyon ilegal epi ti liv la esplike tou plizyè fason Divizyon an kapab ede w nan pwosesis sa a.

Diskriminasyon Ilegal

Webster defini diskriminasyon tankou yon « diferans nan tretman ». Pou senplifye definisyon an, sa vle di trete moun diferaman. Men trete moun diferaman pa nesesèman yon ki diskriminasyon *ilegal*. Pa egzanp, yon anplwayè kapab pito anboche yon moun kòm anplwaye pase yon lòt paske li merite sa, oubyen yon restoran kapab pa kite moun antre si sa t ap fè restoran an ta depase limit kantite moun li sipoze genyen anndan etablisman an.

Men diskriminasyon ilegal si li baze sou ras, sèks, kwayans oubyen lòt distenksyon oswa karakteristik ki pwoteje anba Lwa sou Dwa Moun nan. Tout abitan Nouyòk dwe konnen egzistans lwa enpòtan sa a ak dwa li bay, tankou dwa pou pote plent kont zak diskriminasyon prezime illegal.

DISTENKSYON/KARAKTERISTIK LWA SOU DWA MOUN NAN PWOTEJE

Lwa sou Dwa Moun nan pwoteje moun kont diskriminasyon ki baze sou laj, kwayans, ras, koulè, sèks, preferans seksyèl, orijin nasyonal, eta sivil, andikap, sitiyasyon militè, dosye arestasyon, dosye kondanasyon, pre-dispozisyon karakteristik jenetik, ak sitiyasyon familyal (nan lojman sèlman). Ansanm, yo rele yo « klas pwoteje ». Epi, si ou kwè yo te fè diskriminasyon kont ou akòz de youn nan distenksyon oubyen karakteristik sa yo, ou kapab genyen yon plent valab akòz diskriminasyon ilegal.

Lè Lwa Sou Dwa Moun Nan Kapab Ede

Li ilegal pou fè diskriminasyon kont moun

— lè y ap anplwaye pou travay
— nan travay
— nan lokasyon, vant, ak atribisyon lojman
— nan kote yo sèvi piblik la (tankou nan restoran, otèl, oubyen kay doktè)
— nan kredi ak prè
— nan sèten enstitisyon edikasyon
— nan òganizasyon volontè kap batay kont dife
— nan bòykote ak mete moun sou lis nwa

Epi tou li ilegal pou yon biznis, òganizasyon oubyen moun (tankou anplwayè ak mèt kay ou) pran okenn aksyon kont ou paske ou te yon depoze plent kont diskriminasyon.

Pou yon zak yo prezime kòm diskriminasyon ilegal, fòk genyen yon koneksyon ant sa ki te pase ou a ak distenksyon/karakteristik ki pwoteje nan Lwa sou Dwa Moun nan. Pou detèmine si sitiyasyon ou a kouvri sou Lwa sou Dwa Moun, ou dwe mande tè ou, « Poukisa yo te trete mwen konsa ?» Si ou kapab reponn, « Paske mwen se manm yon klas ki pwoteje », genyen anpil chans ke ou genyen yon plent ki valid.

Kijan Pou Pote Plent Kont Diskriminasyon

Genyen lwa federal, eta, ak vil ki entèdi diskriminasyon, epi ou gendwa kapab depoze plent ou nan yon tribinal federal oubyen nan yon tribinal Eta a.

Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk la te etabli kòm yon altènativ pou sistèm tribinal la. Anplwaye Divizyon yo espesyalize nan aplikasyon Lwa sou Dwa Moun epi yo pral ede ou ak plent ou an kòmanse nan ankèt jiska pwosesis odyans la (si genyen youn) - epi yo pral fè sa a gratis.

GENYEN KAT ETAP DE BAZ NAN PWOSESIS PLENT DHR LA:

1. Depoze plent la ; ak

2. Envestige afimasyon ki nan plent la ;

Ak, kote genyen yon kòz posib ke yon diskriminasyon te fèt,

3. Yon odyans devan yon Jij Lalwa Administratif; ak

4. Rezolisyon plent ou a selon odyans a a.

Nòt : Yon avoka Divizyon an oubyen lòt reprezantan disponib pou ede ou nan tout etap odyans la, gratis.

Kijan Pou Depoze Plent

1

SI OU DESIDE DEPOZE PLENT DEVAN DIVIZYON AN OU DWE FÈ SA AVAN YON ANE FIN PASE APRE YO TE FÈ ZAK DISKRIMINASYON KI PI RESAN AN KONT OU.

Jou Divizyon an resevwa plent ou ki siyen ak notarye a pral dat anrejistreman ofisyèl plent ou a.

Si ou ta renmen depoze yon plent ak Divizyon an - poukont ou oubyen ak yon avoka - ou kapab fè sa nan youn nan fason sa yo :

— Vizite sitwèb Divizyon an, nan www.dhr.state.ny.us, epi telechaje yon fòmilè plent. Ranpli li jan yo di a, siyen li devan yon notè piblik, epi retounen li nan biwo Divizyon Bronx la (pa lapòs oubyen an pèsòn), nan adrès ki nan lis nen fen ti liv sa a ;*

— Vizite biwo Divizyon Bronx la oubyen youn nan biwo rejyonal yo ki nan lis nan fen ti liv sa a pou depoze yon plent an pèsòn; oubyen

— Kontakte youn nan biwo rejyonal Divizyon an, pa telefòn oubyen pa lapòs, pou jwenn yon fòmilè plent ak/oubyen lòt asistans pou ranpli yon fòmilè.

Yo rele yon moun ki depoze yon plent kont diskriminasyon yon « Pleyan » ak prezime diskriminatè a yon « Defandè ».

Kèlkeswa fason ou depoze plent ou a, ou dwe prepare w pou fè bagay sa yo:

— Idantifye moun yo, si genyen, ki te wè oubyen tande yon bagay ki soutni akizasyon diskriminasyon ou an ;

— Idantifye nenpòt lòt moun ki, nan menm jan de sitiyasyon avèk ou, ke prezime diskriminatè an te trete menm jan oubyen diferan ; epi

— Idantifye dat espesifik ensidan oubyen zak yo

* Si ou poste fòmilè plent ou a, ou sipoze resevwa yon lèt konfimasyon, ak nimewo ka yo ba ou a, avan dis (10) jou ouvrab. Si ou pa resevwa li, tanpri rele biwo Bronx la dis (10) jou apre ou poste li a pou asire ke yo te resevwa li ak pou yo ba w nimewo ka pa w.

Ankèt lan

2

Lè plent ou a fin anrejistre, yo pral mete yon envestigatè pou envestige plent ou a. Sa kapab fèt pa korespondans ekri, konvèsasyon telefòn, vizit kote ou di diskriminasyon prezime an te fèt la, konferans pou jwenn enfòmasyon oubyen yon melanj metòd sa yo.

Tanpri sonje, wòl yon anketè se pou envestige enfòmasyon nan ka ou a. Anketè a pa ka ba ou konsèy legal oubyen aji tankou avoka oubyen reprezantan ou. Divizyon an pap ba ou yon avoka oubyen reprezantan pandan pwosesis ankèt an.

Selon prèv yo sanble pandan ankèt an, Divizyon an pral pran yon règleman pou deside si genyen yon kòz posib ke yon zak diskriminasyon ilegal te pase. Si desizyon di ke pa genyen okenn kòz posib ke yon diskriminasyon ilegal te pase, yo pral rejte ka ou a. Si yo fè detèminasyon sa a, Pleyan an genyen swasant (60) jou pou fè apèl kont desizyon sa a bay Kou Siprèm Eta Nouyòk la.

Si Divizyon an detèmine genyen kòz posib ke ou te ka swa ou se viktim diskriminasyon ilegal, yo pral transfere ka w pou l kontinye swiv pwosesis odyans administratif la.

Odyans Administratif la

3

Si envestigatè a detèmine genyen kòz posib ke ou te ka oswa ou se viktim diskriminasyon ilegal, zafè a pral kontinye nan pwosesis odyans administratif la. Yon odyans administratif prèske menm bagay ak yon pwosè nan tribinal.

Yon Jij Lalwa Administratif pral dirije odyans la dapre afimasyon yo ki nan plent ou a. Nan odyans sa a, tou de bò yo pral kapab prezante prèv pou soutni pozisyon yo.

Malgre ke odyans la se yon pwosesis fòmèl, ou pap bezwen pwòp avoka ou pou reprezante ou pandan pwosesis sa a. Divizyon an pral ba ou yon avoka oubyen yon lòt ajan pou prezante ka a yon fason pou defann plent ou a. Sèvis sa a gratis. Sepandan, ou kapab genyen pwòp avoka ou pou reprezante w, si ou vle.

Rezolisyon an : Lòd Komisè a

4

Apre odyans la epi selon prèv yo prezante nan odyans la, Jij Lalwa Administratif ki responsab ka ou a pral pase yon lòd rekòmande, pou konseye pati yo ak Komisè a kòman li panse yo dwe rezoud ka a — sa vle di, nan favè Pleyan an oubyen nan favè Defandè a. Sa a rele Lòd Rekòmande Jij Lalwa Administratif la.

Komisè a pral revize afimasyon, prèv, ak Lòd Rekòmande Jij Lalwa Administratif la epi pase yon Lòd Komisè final. Si Lòd Komisè a nan favè Pleyan an, Lòd la pral espesifye yon rekou.

Nan ka diskriminasyon nan travay, rekou yo kapab genyen chanjman nan règ ak/oubyen pratik; rapèl salè ak enterè oubyen benefis moun nan te pèdi akòz de pratik diskriminasyon ; ak/oubyen konpansasyon pou detrès emosyonèl.

Nan ka diskriminasyon nan lojman, rekou yo kapab genyen chanjman nan règ ak/oubyen pratik ; lwe oubyen vann pwopriyete; bay sèvi s; konpansasyon pou detrès emosyonèl; domaj-enterè pinitif ; ak/oubyen amann oswa sanksyon devan yon tribinal sivil.

Nan lòt ka, tankou diskriminasyon nan akomodasyon piblik oubyen enstitisyon akademik , rekou yo kapab genyen chanjman nan règ ak/oubyen pratik ; kite moun nan antre ak trete li egal nan yon akomodasyon, enstitisyon, oubyen pwogram ; ak/oubyen konpansasyon pou detrès emosyonèl ak nenpòt lòt domaj.

APÈL

Si anketè a twouve ke pa genyen yon kòz posib ke diskriminasyon ilegal te pase, Pleyan an genyen swasant (60) jou pou fè apèl kont desizyon sa a bay Kou Siprèm Eta Nouyòk la.

Ni Pleyan an ak Defandè a kapab fè apèl kont Lòd Komisè a avan swasant (60) jou pou fè apèl kont Lòd Komisè sa a bay Kou Siprèm Eta Nouyòk la.

Responsablite

PLEYAN

— Pou depoze yon plent avan yon ane apre dat zak diskriminasyon ki pi resan an. (Ou kapab depoze li dirèkteman nan tribinal Eta a avan twa ane apre yo te komèt zak diskriminasyon ki pi resan an, men ou pap ka depoze plent la devan ni Divizyon an ak devan ni tribinal la anmenm tan.)

— Pou bay Divizyon an enfòmasyon yo mande pou yo ka trete plent la yon fason ki efikas epi atan, ak pou kolabore ak Divizyon an konplètman pandan pwosesis la.

— Pou notifye Divizyon an si genyen nenpòt chanjman nan adrès oubyen nimewo telefòn. Si Divizyon an pa ka jwenn ou, yo kapab fèmen ka ou a.

— Pou kenbe dat, non, adrès ak nimewo telefòn nenpòt temwen zak diskriminasyon an (yo) byen. Lè ou kenbe yon jounal ki make zak yo, sa kapab ede anpil nan ankèt an.

DEFANDE

— Pou reponn chak afimasyon pleyan an prezante.

— Pou kolabore nètale ak Divizyon an pandan ankèt an ak odyans piblik la, si genyen youn.

— Pou asire ke yo pap pran vanjans kont Pleyan an paske li te pote plent.

— Pou notifye Divizyon an si genyen nenpòt chanjman nan adrès ak/oubyen nimewo telefòn, ak, nan ka yon biznis, nenpòt chanjman pwopriyetè.

Divizyon an ak Lwa Federal Kont Diskriminasyon

Pandan ke plent ou ak kapab sou kouvèti Lwa sou Dwa Moun Eta Nouyòk ak lwa federal sa a (yo), **lè ou depoze plent ou an atan ak Divizyon an sa pral pwoteje reklamasyon eta ak federal ou a (yo) nan travay ak lojman. Epi tou li pral ba ou plis opsyon pita si ou deside ale nan tribinal ak plent ou a.**

TIT VII NAN LWA 1964 SOU DWA SIVIL

Tit VII se yon lwa federal ki entèdi diskriminasyon nan travay ki baze sou ras, koulè, sèks, orijin nasyonal oubyen kwayans.

LWA SOU DISKRIMINASYON LAJ NAN TRAVAY

Atik Sou Diskriminasyon nan Travay poutèt Laj se yon lwa federal ki entèdi diskriminasyon ki baze sou laj pou anplwaye ki genyen karant (40) ane oubyen plis.

LWA SOU AMERIKEN KI ANDIKAPE A

Lwa Ameriken ki Andikape a se yon lwa federal ki entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap.

TIT VIII NAN LWA FEDERAL SOU EGALITE POU TOUT MOUN JWENN LOJMAN

Tit VIII se yon lwa federal ki entèdi diskriminasyon nan lojman ki baze sou ras, koulè, sèks, andikap, orijin nasyonal, kwayans oubyen sitiyasyon familyal.

Kesyon Moun Poze Souvan

MWEN PA SÈTEN SI YO TE FÈ DISKRIMINASYON KONT MWEN. KIYÈS MWEN KA KONTAKTE POU JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU SITIYASYON PA M NAN MENM ?

Si ou genyen kesyon sou sitiyasyon ou an oubyen pwosesis pou depoze plent la, ou dwe revize enfòmasyon yo ki nan ti liv sa a ak anpil atansyon ak sou sitwèb nou an— www.dhr.state.ny.us. Si ou toujou genyen kesyon, ou kapab rele oubyen vizite biwo Bronx la oubyen youn nan biwo rejyonal Divizyon an. Youn nan anplwaye yo ap byen kontan reponn kesyon ou yo. Sonje, anplwaye yo pap ka epi pa pral ba ou konsèy legal, epi konsiltasyon sa a pa fè pati depoze yon plent. Se sèlman pa pwosesis ekri ak notarye ki detaye nan ti liv sa a ou ka depoze yon plent.

ÈSKE MWEN BEZWEN YON AVOKA POU DEPOZE YON PLENT NAN DIVIZYON AN ?

Non. Yo kreye Lwa sou Dwa Moun kòm yon altènatif pou sistèm tribinal la, ki fè, pati yo pa bezwen genyen yon avoka pou depoze yon plent ak pou patisipe nan pwosesis odyans la. Sepandan, divizyon an genyen yon enterè nan jistifikasyon dwa moun pou abitan Nouyòk yo, ki fè, yon anplwaye Divizyon an pral ede Pleyan yo nan pwosesis odyans la, gratis.

POUKISA MWEN GENYEN SÈLMAN YON LANE POU DEPOZE PLENT MWEN AN

Pou asire ke Pleyan yo aji kòrèkteman lè yo santi yo te fè diskriminasyon kont yo, Lwa a enpoze yon peryòd yon ane pou depoze plent nan Divizyon an. Si reklamasyon ou an genyen plis pase yon ane, ou dwe konsilte yon avoka pou wè si ou ka depoze reklamasyon ou a nan tribinal eta a.

ÈSKE TOUT ANPLWAYÈ YO DWE KONFÒME AK LWA SOU DWA MOUN NAN ?

Non, sèlman anplwayè ki genyen omwen kat anplwaye. Sepandan, anplwaye sa yo pa bezwen ap travay menm kote.

KI KALITE AKOMODASYON YON ANPLWAYÈ DWE BAY SI MWEN GENYEN YON ANDIKAP ?

Si ou bezwen yon akomodasyon akòz de andikap ou a pou fè yon travay ki esansyèl pou fonksyon travay ou a nan yon fason ki rezonab, anplwayè ou a oblije bay yon akomodasyon, si li rezonab ou sikonstans la an patikilye epi pa lakòz anplwayè a yon detrès egzajere. Ou kapab oblije bay dokiman medikal ki jistifye bezwen ou a, epi anplwayè a dwe kenbe li konfidansyèl.

KI KALITE AKOMODASYON YON MÈT KAY DWE BAY SI MWEN GENYEN YON ANDIKAP ?

Si ou bezwen yon modifikasyon rezonab kote ou abite a akòz de andikap ou a, kote ki ba ou lojman an dwe kite ou fè modifikasyon sa a. Sepandan, ou responsab pou depans modifikasyon an koute, epi, nan lojman moun lwe, depans pou fè kote a tounen nan menm kondisyon li te ye avan an, lè ou fin kite li. Yon kote ki bay lojman dwe fè akomodasyon rezonab nan règ, pratik ak sèvis pou pèmèt yon moun ki genyen yon andikap itilize ak jwi kote a.

ÈSKE ANPLWAYÈ MWEN KA REVOKE MWEN OUBYEN ÈSKE MÈT KAY LA KA METE MWEN DEYÒ PASKE MWEN POTE PLENT ?

Non. Li ilegal pou pran vanjans kont moun ki pote plent pou zak diskriminasyon, oubyen ki temwaye oubyen ede nan nenpòt pwosesis devan lalwa. Si ou sispèk ke nenpòt moun te pratike jan de konpòtman vanjans sa a kont ou, tanpri kontakte Divizyon an pou mande si jan de konpòtman sa a kapab genyen yon plent separe pou diskriminasyon.

KISA KI DISKRIMINASYON NAN KREDI ?

Genyen plizyè fason yo kapab fè diskriminasyon kont yon moun nan domèn kredi, tankou refize bay krezi akòz de distenksyon oubyen karaktè yo ki detaye nan kòmansman ti liv sa a, oubyen bay kredi nan move kondisyon ki baze sou youn nan menm distenksyon ak karakteristik sa yo. Paske moun kapab fè zak sa yo yon fason ki pa dirèk, moun ki kwè yo kapab te fè zak diskriminasyon kont yo dwe kontakte Divizyon an pou konsiltasyon.

ÈSKE MWEN KAPAB DEPOZE YON PLENT AK YON AJANS FEDERAL AVÈK DIVISYON AN TOU DE ANSANM ?

Komisyon Opòtinite Travay Egal Etazini a (ke yo konnen pi byen tankou EEOC) mete an aplikasyon lwa federal kont diskriminasyon nan domèn travay. Depatman Devlopman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) mete an aplikasyon lwa federal kont diskriminasyon nan domèn lojman. Divizyon an mete an aplikasyon Lwa sou Dwa Moun Eta Nouyòk, ki aplike sèlman a Eta Nouyòk epi depase travay ak lojman nan domèn tankou akomodasyon piblik, lokasyon, ak edikasyon. Malgre ke lwa federal ak Lwa sou Dwa Moun ofri pwoteksyon ki gen yon ti kras diferans nan domèn travay ak lojman, **genyen kèk plent diskriminasyon nan travay ak/oubyen diskriminasyon nan lojman ki kapab kouvri sou ni lwa federal ak lwa eta a. Si se nan sitiyasyon sa w ye, ou gendwa depoze yon plent devan Divizyon an pou pwoteje tout dwa ou yo.**

Biwo Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk

BIWO REJYONAL

Albany
Empire State Plaza
Corning Tower
25TH Floor
P.O. Box 2049
Albany, NY 12220
TEL: 518/474-2705

Binghamton
44 Hawley Street
Room 603
Binghamton, NY 13901
TEL: 607/721-8467

Brooklyn
55 Hanson Place,
Room 304
Brooklyn, NY 11217
TEL: 718/722-2856

Buffalo
State Office Building
65 Court Street
Suite 506
Buffalo, NY 14202
TEL: 716/847-7632

Long Island (Suffolk)
State Office Building
Suite 3A-15
Hauppauge, NY 11787
TEL: 631/952-6434

Long Island (Nassau)
175 Fulton Avenue
Suite 404
Hempstead, NY 11550
TEL. : 516/538-1360

Manhattan (Lower)
20 Exchange Place
Second Floor
New York, NY 10005
TEL: 212/480-2522

Manhattan (Upper)
State Office Building
163 West 125TH Street
Fourth Floor
New York, NY 10027
TEL: 212/961-8650

Peekskill
8 John Walsh Blvd.
Suite 204
Peekskill, NY 10566
TEL: 914/788-8050

Rochester
One Monroe Square
259 Monroe Avenue
Suite 308
Rochester, NY 14607
TEL: 585/238-8250

Syracuse
333 East Washington Street
Room 543
Syracuse, NY 13202
TEL: 315/428-4633

BIWO PRENSIPAL

The Bronx
One Fordham Plaza
Fourth Floor
Bronx, NY 10458

Office Number
718/741-8400

Toll Free Number
(pou pran enfòmasyon sou yon plent)
888/392-3644

Sitwèb
www.dhr.state.ny.us

LWA SOU DWA MOUN ETA
NAN TRAVAY, LOJMAN, K
VOLONTÈ POU BATAY KON
KI SAN PATIPRI, KI BAZE
SÈKS, PREFERANS SEKSY
ANDIKAP, SITIYASYON M
KONDANASYON, SITIYASY
KARAKTERISTIK JENETIK.

NEW YORK STATE
DIVISION OF
HUMAN RIGHTS

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR
GALEN D. KIRKLAND, COMMISSIONER

ONE FORDHAM PLAZA
BRONX, NEW YORK 10458
(718) 741-8400
Toll Free 1-888-392-3644
TDD (718) 741-8300

WWW.DHR.STATE.NY.US